ASIAN LAW CAUCUS

Ajou apati 26 out 2026

KONNEN DWA OU NAN AYEWOPÒ

Kounye a, TSA pataje enfòmasyon sou moun k ap vwayaje yo ak otorite imigrasyon yo nan kèk ayewopò Etazini. Sèvi ak gid sa a pou w prepare w epi konprann dwa w yo.



SA A SE ENFÒMASYON JENERAL, SE PA KONSÈY LEGAL. TANPRI PALE AK YON AVOKA IMIGRASYON SOU SITIYASYON PÈSONÈL OU.

Si ajan ICE pwoche w, ou gen dwa pou:

Kenbe silans ou

Ou pa oblije reponn kesyon tankou kote ou te fèt, kijan ou te vini Etazini, oswa ki stati imigrasyon ou. Ou ka di:

Mwen chwazi kenbe silans mwen.

Refize pou yo fouye w

An jeneral, ICE pa ka fouye w oswa zafè w, tankou telefòn ou, san yon manda lajistis oswa san ou pa bay konsantman w. Ou ka di:

Mwen pa bay konsantman mwen pou ou fouye.

Mande si ou ka ale

Si yon ajan kanpe w, ou ka mande:

Èske m lib pou m ale?

Si repons lan se wi, deplase byen trankil. Si se non, rete kalm epi pa eseye deplase.

Mande pou yon avoka

Si yo kenbe w an detansyon, ou pa bezwen siyen anyen anvan ou pale ak yon avoka, epi ou pa dwe siyen okenn dokiman ou pa fin konprann nèt. Ou ka di:

Mwen vle pale ak yon avoka.
Mwen chwazi kenbe silans mwen.

Si ou pa gen yon avoka imigrasyon, ou ka kontakte yon rezo entèvansyon rapid oswa rele **2150#** depi kote ou ye nan detansyon an pou ka jwenn sipò pou jwenn youn.

Dwa sa yo jeneralman aplikab lè ajan **sèvis Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn (ICE)** pwoche w. **Dwa w yo pi limite** lè w ap fè fas ak **Administrasyon Sekirite Transpò (TSA)** ansanm ak **Sèvis Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè (CBP)**.

KESYON OU KA GENYEN:

Èske ICE ap kenbe moun nan ayewopò kounye a?

SA NOU KONNEN: Kounye a, ICE ap kanpe moun k ap vwayaje ki pa sitwayen ameriken nan ayewopò yo; ladan yo moun k ap vwayaje ki gen ansyen lòd ekspilsyon, moun. k ap vwayaje ki gen viza ki ekspire, ak moun k ap vwayaje ki gen demann aplikasyon annatant oswa dosye nan tribinal imigrasyon ki poko regle.

TCHEKE SI OU GEN YON LÒD POU DEPÒTASYON:

Chèche konnen si ICE ta ka gen yon **baz legal pou kenbe w**, epi **gade si ou fè pati youn nan kategori moun k ap vwayajè ICE vize kounye a nan ayewopò yo**. Pi bon fason pou fè sa se **konsilte yon avoka imigrasyon ki byen konnen fason ICE ap aplike règleman yo nan ayewopò yo kounye a**.

AVAN OU DESIDE VWAYAJE:

Rele liy dirèk **"Executive Office of Immigration Review" (EOIR) nan nimewo (800) 898-7180**, oubyen ale sou **sitwèb acis.eoir.justice.gov/en/**. Genyen "A-number" ou a pare.

Kisa mwen ta genyen ak mwen nan ayewopò a?

Pote dokiman idantite legal ak dokiman imigrasyon ki montre ou gen dwa legal pou antre epi rete Etazini. Dokiman sa yo enpòtan pou si w ap vwayaje entènasyonal, epi lalwa egzije pou kèk stati. Yo rekòmande menm bagay yo tou pou vwayaje anndan peyi a.

Paspò U.S.

- Paspò Ameriken

Rezidan Pèmanan Legal

- Paspò etranje
- Kat rezidan pèmanan ("kat vèt")
- Fòm G-28 (ki sòti nan men avoka imigrasyon w lan)

Moun ki gen viza

- Paspò etranje + viza
- Fòm I-94 (dosye lè w ap rive/lè w ap kite)
- Fòm I-20 (pou viza etidyan)
- Fòm I-797 (avi apwobasyon viza)
- Fòm G-28 (ki sòti nan men avoka imigrasyon w lan)
- Nenpòt lòt dokiman imigrasyon

ANVAN OU DEPLASE:

Voye itinerè w la ak enfòmasyon kontak avoka imigrasyon w lan bay yon manm fanmi oswa yon zanmi ou fè konfyans.

Enprime itinerè w, enfòmasyon pou kontakte avoka w, ak enfòmasyon moun pou kontakte an ka ijans — epi mache ak yo.

Ranje tout dokiman ki montre istwa imigrasyon w ak/oubyen dokiman ki sòti nan yon dosye imigrasyon fanmi w ak avoka imigrasyon w ka jwenn byen fasil

Kouman pou mwen idantifye ajan ICE / HSI nan ayewopò yo?

- Yo mete rad senp oswa ekipman taktik epi yo ka nenpòt kote nan ayewopò a.
- San yon manda, yo bezwen **rezon pou yo sispèk** pou yo ka kanpe w epi yon **kòz pwobab** pou yo arete w. Dènyèman, ajan imigrasyon yo te arete vwayajè ki pa sitwayen ameriken ki t ap tann yo swa nan depa oswa nan arive ayewopò yo.
- Yo **pa ka fouye valiz ou, telefòn ou, oswa bagay ou yo** san yon **manda lajistis** san pèmisyon ou.
- ICE diferan de TSA (kontwòl sekirite) ak CBP (pou antre Ozetazini).

Ki diferans ki genyen ant TSA/CBP ak ICE?

- **TSA** okipe de kontwòl sekirite yo, epi yo ka fouye w oswa zafè w yo. TSA responsab sekirite nan avyasyon, yo pa responsab zafè imigrasyon.
- **CBP** okipe de zafè antre sou teritwa Etazini; yo ka poze w kesyon sou **stati imigrasyon w**, mete w sou kote pou poze w plis kesyon, epi enspekte **valiz ou ak aparèy elektwonik ou yo**.
- Ou pa **oblije bay modpas ou yo**, men si w refize, sa ka gen konsekans sou **dwa w genyen pou w antre nan peyi a**.

Pou sa konnen plis: ale sou **https://bit.ly/alc-airportkyr** oubyen skane **kòd QR** la